

Khutbah Idul Adha 1445 H (basa Sunda):
HIKMAH IDUL ADHA DINA NGAWANGUN KULAWARGA SEHAT
SARTA DIJAUHKEUN TINA STUNTING JEUNG KASANGSARAAN
Ku: Abu Cecen A. Khusaeri

اللَّهُ أَكْبَرُ (3x) - اللَّهُ أَكْبَرُ (3x) - اللَّهُ أَكْبَرُ (3x)

اللَّهُ أَكْبَرُ كَيْرًا وَالْحَمْدُ لِلَّهِ كَثِيرًا وَسُبْحَانَ اللَّهِ بُكْرَةً وَأَصِيلًا، لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ وَاللَّهُ أَكْبَرُ، اللَّهُ أَكْبَرُ وَلِلَّهِ الْحَمْدُ.

الْحَمْدُ لِلَّهِ الَّذِي جَعَلَ لِلْمُسْلِمِينَ عِيدَ الْفِطْرِ بَعْدَ صِيَامِ رَمَضَانَ وَعِيدَ الْأَضْحَى بَعْدَ يَوْمِ عَرْفَةَ .

أَشْهَدُ أَنَّ لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ وَحْدَهُ لَا شَرِيكَ لَهُ، وَأَشْهَدُ أَنَّ سَيِّدَنَا مُحَمَّدًا عَبْدُهُ وَرَسُولُهُ ،

اللَّهُمَّ صَلِّ عَلَى سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ وَعَلَى آلِ سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ كَمَا صَلَّيْتَ عَلَى سَيِّدِنَا إِبْرَاهِيمَ وَعَلَى آلِ سَيِّدِنَا إِبْرَاهِيمَ وَبَارِكْ عَلَى سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ وَعَلَى آلِ سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ كَمَا بَارَكْتَ عَلَى سَيِّدِنَا إِبْرَاهِيمَ وَعَلَى آلِ سَيِّدِنَا إِبْرَاهِيمَ فِي الْعَالَمِينَ إِنَّكَ حَمِيدٌ مَجِيدٌ ،

أَمَّا بَعْدُ ، فَيَا عِبَادَ اللَّهِ اتَّقُوا اللَّهَ حَقَّ تُقَاتِهِ وَلَا تَمُوتُنَ إِلَّا وَأَنْتُمُ مُسْلِمُونَ ،

وَقَالَ اللَّهُ تَعَالَى : أَعُوذُ بِاللَّهِ مِنَ الشَّيْطَانِ الرَّجِيمِ ، بِسْمِ اللَّهِ الرَّحْمَنِ الرَّحِيمِ ،

لَقَدْ كَانَ لَكُمْ فِيهِمْ أُسْوَةٌ حَسَنَةٌ لِمَنْ كَانَ يَرْجُو اللَّهَ وَالْيَوْمَ الْآخِرِ وَمَنْ يَتَوَلَّ فَإِنَّ اللَّهَ هُوَ الْغَنِيُّ

الْحَمِيدُ (المتحنة : 6)

Allohu Akbar-Allohu Akbar-Allohu Akbar- Walillahilhamdu.

Kaum Muslimin Jamaah Id Wal-Idoh Rahimakumulloh !

Diwiwitan ku takbiran, dihapisit kalimah tahlil, dipirig kalimah tahmid, muji syukur ka Allah Robbul Izzati, wireh danget ieu urang sadaya tiasa riung mungpulung hempak merbayaksa, kanggo ngalaksanakeun parentah gusti, ngalaksanakeun shalat sunat Idul Adha diteraskeun ku meuncit hewan kurban, mangrupa pengabdian kana parentahan Gusti, nyoko kana conto anu kantos dilaksanakaeun ku kangjeng Nabi Ibrohim AS, lajeng disyariatkeun ku kangjeng Nabi Muhammad SAW.

Danget ieu urang sasarengan napakuran pangajen tina kaluhungan ahlak nabi Ibrohim Alaihissalam katut kulawargana. Kalayan kaparigelan dina ngawangun rumahtangga, anjeun diistrenan kunu Maha Kawasa Alloh SWT, dijantenkeun

tauladan kahirupan, malahmandar salamet di dunja tug nepi ka aherat. Sakumaha pidawuh Alloh SWT:

لَقَدْ كَانَ لَكُمْ فِيهِمْ أُسْوَةٌ حَسَنَةٌ لِمَنْ كَانَ يَرْجُو اللَّهَ وَالْيَوْمَ الْآخِرَ وَمَنْ يَتَوَلَّ فَإِنَّ
اللَّهَ هُوَ الْغَنِيُّ الْحَمِيدُ

“Satemenna, di diri marantenna (Ibrohim jeung kulawargana) mangrupa teladan anu hade pikeun aranjeun, (nyaeta) pikeun jalma anu miharep (ganjaran) Alloh jeung (kasalametan) dina poe panungtungan. Jeung sing saha anu nukang nonggong, satemenna Alloh Mantenna Kacida Beunghar jeung Pinuji”. (QS. Al-Mumtahanah: 6)

Kaum Muslimin Rohimakumulloh !

Kahirupan Nabi Ibrohim mangrupa teladan dina ngawangun rumah tanggana, anu salajengna diteraskeun ku kangjeng Rosululloh SAW mangrupa pepeling pikeun sakumna manusa, lain wungkul dina ibadah mahdoh tapi dina saniskara kahirupan.

Kahiji, kulawarga nabi Ibrohim mangrupa kulawarga anu sehat jeung kuat jasmani katut rohani. Sakumaha digambankeun nalika nabi Ibrohim kedah nyimpen geureuhana (siti Hajar) sareng putra kakasih ati (Ismail) anu masih keneh orok beureum, di hiji lengkob anu hara-haraeun jauh kaditu kadieu malah taya jalma saurang-urang acan, lamun seug siti Hajar sareng Ismaili henteu sehat jeung kuat, pinasti bakal katalangsara. Salajengna Alloh SWT maparin hadiah mangrupa mu'jizat nyaeta sumur Zamzam, sumur anu caina bisa ngadatangkeun rebu-rebu mangpaat, malah mandar duanana bisa kuat pikeun ihtiari milari kahirupan pikeun ngabayuan dirina. Salajengna Ismail dirorok kalayan sehat kuat tur pinter.

Ieu teh mangrupa pelajaran pikeun urang sadaya, yen Islam kacida merhatikeun kahirupan anu sehat, malah mandar ngabogaan turunan anu kuat. Sakumaha Rosululloh SAW ngadawuh:

الْمُؤْمِنُ الْقَوِيُّ خَيْرٌ وَأَحَبُّ إِلَى اللَّهِ مِنَ الْمُؤْمِنِ الصَّعِيفِ

“jalma Iman anu kuat leuwih hade jeung diikacinta ku Alloh tibatan jalma Iman anu hengker”.

Hadirin anu dimulyakeun munggu Alloh !

Ari anu kadua, nabi Ibrohim katut kulawargana mangrupa jalma-jalma anu cerdas. Netelakeun yen kakuatan badan jeung pikiran gede pisan pangaruhna kana kapinteran, sakumaha dibuktikeun samangsa nabi Ibrohim nguji ka putrana, kalayan patarosan ngeunaan parentah ti Alloh SWT nu sumping ngalangkungan impenan mantena, sok sanaos Ismail teu acan sawawa tapi pikiranana estu seukeut pisan, apal yen eta teh mangrupa bebeneran. Lamun seug Islail henteu pinter, moal mungkin bisa maparin waleran ka ingkang rama kalayan tatag tur sampurna. Obrolan antara nabi Ibrohim sareng putrana (Ismail) ieu, dijentrekeun dina Al-Qur'an surat Ash-Shaffat ayat 102, sakumaha pidawuh Allah SWT:

فَلَمَّا بَلَغَ مَعَهُ السَّعْيَ قَالَ يَا بُنَيَّ إِنِّي أَرَى فِي الْمَنَامِ أَنِّي أَذْبَحُكَ فَانْظُرْ مَاذَا تَرَى

“Mangka nalika eta budak (Ismail) manjing (umur) sanggup usaha nyarengan Ibrohim, Ibrahim ngadawuh: “He anaking satemena ama ningal dina waktos ngimpen yen ama meuncit hidep. Prak pikiran kumaha pamanggih hidep ?” (QS. Ash-Shaffat ayat 102)

قَالَ يَا أَبَتِ افْعُلْ مَا تُؤْمِرُ

“Ismil ngawaler: ‘Kaulanun ama, prak laksanakeun naon-naon anu diparentahkeun ka ama..!’”

Tina paguneman dua jalmi anu saroleh nembe, tiasa kauninga yen jawaban anu didugikeun Nabi Ismail Alaihissalam nuduhkeun yen anjeuna hiji rumaja nu ngamilik pribadi anu asak. Ismail siap ngalaksanakeun tugas anu kacida beuratna, sabab yakin yen eta teh impenan nu sumpingna ti Alloh SWT. anjeuna siap sanaos kedah dipeuncit. Kalayan waleran anu kacida endahna, anjeuna ngadugikeun:

سَتَجِدُنِي إِنْ شَاءَ اللَّهُ مِنَ الصَّابِرِينَ

“insya Alloh ama bakal mendakan, sim kuring kagolongkeun jalmi anu sabar !” (QS. Ash-Shaffat: 102).

Parentah Alloh SWT anu didugikeun ka Nabi Ibrohim, ditampi ku ingkang putra (Ismail) kalayan sadrah sabab anjeuna ngagaduhan kapinteran, yakin yen eta teh parentah anu saenyana sumping ti Pangeran nu murbeng sadaya alam.

Ayat ieu temen-temen maparin pangajen ka urang sadaya, yen hiji anak anu kuat badanna jeung pinter otakna, kacida pisan dipiharep lain wungkul pikeun diri jeung kulawarga, tapi pikeun neruskeun jejer kahirupan dina ngawangun hiji nagara, aabab anak teh mangrupa penerus kahirpan dina mangsa anu bakal datang. Kumargi kitu Alloh SWT marentahkeun ka urang sadaya sangkan hariwang lamun seug ninggalkeun turunan anu hengker. Sakumaha pidawuh-Na:

وَلَيَخْشَى الَّذِينَ لَوْ تَرَكُوا مِنْ خَلْفِهِمْ ذُرِّيَّةً ضِعْفًا خَافُوا عَلَيْهِمْ فَلَيَتَقَوَّلُوا اللَّهُ وَلَيَقُولُوا
قَوْلًا سَدِيدًا

“jeung kudu hariwang, jalma-jalma lamun seug ninggalkeun satukaeun maranehna turunn anu hengker, maranehna hariwang ka maranehna. Mangka kudu takwa ka Alloh jeung kudu nyarita kalayan caritaan anu merenah”. (QS. An-Nisa ayat 9).

Anapon anu dimaksud “hengker” (ضِعْفًا) sakumaha kaunggel dina ayat bieu ngabogaan harti anu seueur. Bisa dihartian hengker lemah ekonomi, hengker iman, hengker ahlak, hengker ilmu. Kaasup oge hengker fisik, sabab geringan atawa teu sehat, seperti kaayaan nu sok sisebat stunting bakal ngalemahkeun ka dirina.

Allahu Akbar-Allahu Akbar-Allahu Akbar- Walillahilhamdu.

Kaum Muslimin Jamaah Id Wal-Idoh Rahimakumulloh !

Anu katilu, Nabi Ibrohim ngagaduhan kulawarga anu saroleh, sahingga tiap-tiap aya paretauh Alloh Allah SWT, salamina kenging pangrojong ti sadaya kulawargana. Anapon kasolehan nabi Ibrahim AS sareng putrana tegesna Nabi Ismail, hal ieu janten sumber utama anu nyambungkeun mantenna taat kana parentah Allah SWT, bari kalayan teu ragu-ragu pikeun meuncit Ismail sok sanajan parentahna ngalangkungan impenan.

Kumargi sakitu Nabi Ibrohim Alaihis-salam salamina teu weleh neneda, nyuhunkeun ka Gusti sanes wae kanggo diri pribadi, namung miharep supaya kulawarga katut nagri anu diantrekan ku anjeuna salamina aya dina kaayaan tengtrem ayem, tetep dina kaimanan ditebihkeun tina kakufuran. Sakumaha Alloh SWT ngadawuh:

وَإِذْ قَالَ إِبْرَاهِيمُ رَبِّ اجْعَلْ هَذَا الْبَلَدَ آمِنًا وَاجْنُبْنِي وَبْنِيَ أَنْ تَعْبُدَ الْأَصْنَامَ

“jeung (ingetkeun) nalika Ibrohim cumarios: ‘He... Pangeran abdi, mugi Gusti ngajantenkeun ieu nagri (Mekah), nagri anu tengtrem ayem, sareng tebihkeun abdi jeung anak incu abdi tina pagawean nyembah patekong (QS. Ibrahim: 35).

Salian miharep nagri anu tengtrem, Nabi Ibrahim oge ngado'a sangkan ieu nagri sing rahastra kalayan dipaparin rejeki anu jembar, sakumaha kaunggel:

وَإِذْ قَالَ إِبْرَاهِيمُ رَبِّ اجْعَلْ هَذَا بَلَدًا آمِنًا وَارْزُقْ أَهْلَهُ مِنَ الشَّمَراتِ مَنْ آمَنَ مِنْهُمْ
بِاللَّهِ وَالْيَوْمِ الْآخِرِ

“jeung (ingetkeun) nalika Ibrohim comarios: ‘kaulanun Pangeran abdi, mugi Gusti ngajantenkeun ieu nagri, nagri anu tengtrem ayem, kalayan paparinan rejeki tina bubuhan ka pangeusina anu ariman ti antara aranjeuna ka Allah jeung dinten kiamat” (QS. Al-Baqarah: 126).

Allahu Akbar-Allahu Akbar-Allahu Akbar- Walillahilhamdu.

Kaum Muslimin anu miharep karidoan Alloh !

Kautamaan kulawarga Nabi Ibrohim Alaihissalam sanes wungkul kumargi sehat, cerdas jeung soleh, namung aranjeuna ngagaduhan sumanget jeung rancage, teu miharep pamere tapi resep digawe nyiar kipayah pikeun pangupa jiwa. Nalika Ismail nuju murangkalih sok resep ngiring kanu janten ibuna pikeun ngangon domba, bari meres susu pikeun dileueut jeung dagingna dituang. Sabada dewasa Ismail kasab ku cara moro sasatoan, pikeun bekel kahirupan diri jeung kulawarga.

Rosulullah SAW ngadawuh yen panghade-hadena jalma Islam nyaeta nu bisa nyiar kipayah pikeun kuawarga kalayan cara anu halal, bari teu ngalanggar aturan Alloh, sakumaha pidawuhna:

إِنَّ اللَّهَ يُحِبُّ الْعَبْدَ الْمُحْتَرِفَ وَمَنْ كَذَّ عَلَىٰ عِيَالِهِ كَانَ كَالْمُجَاهِدِ فِي سَبِيلِ اللَّهِ عَزَّ وَجَلَّ

“Satemenna Allah mikaresep ka hamba anu rancage digawe. Sing saha anu susah payah milari napkah pikeun kulawargana, mangka manehna sarua jeung jalma anu maot syahid di jalan Allah azza wa jalla” (HR. Ahmad).

Dina hadits sanes Rosululloh ngadawuh, anu pihartoseunana: “teu dibenerkeun saurang jalma Islam resep pepenta, atawa ngado'a miharep rejeki ragrag ti langit bari teu dibarengan ku usaha. Tapi oge teu dibenerkeun upama ngan ngandelkeun kamampuhan dirina wungkul nepi ka mophokeun pitulung Alloh bari tara ngado'a ka Manten-Na !”.

Kacida pisan mulya jalma-jalma anu daek digawe pikeun ngabayuan kulawargana supaya henteu kalaparan, mangrupakeun wangun tina katawakanan anu sabenerna. Lamun seug tiap jalma Islam ngabogaan kadaek bari dina kaayaan sehar jeung kuat, dibarung palinter dina widangna masing-masing, tangtuna wae kasangsaraan di ieu nagri bakal gancang bisa direngsekeun.

Allahu Akbar-Allahu Akbar-Allahu Akbar- Walillahilhamdu.

Jamaah Id Rohimakumuloh !

Kasampurnaan nabi Ibrohim dina ngawangun rumah tangga ngajadikeun anjeuna diistrenan ku Allah SWT sabage teladan dina kahirupan, sahingga rupa-rupa ibadah anu dilaksanakeun ku Rosulullah SAW, seueur anu nyoko kana perjalanan Nabi Ibrohim alaihis-salam, saperti ibadah haji, umroh sareng kurban anu sakedap deui bade dilaksanakeun ku urang sadaya.

Anapon ibadah kurban anu sakedap deui bade dilaksanakeun, sanes sakadar peupeuncitan hewan anu dipimilik karana Alloh SWT, namung maparin pelajaran ngeunaan harti kataatan anu saenyana dina ngalaksanakeun parentah Alloh, malah mandar diaplikasikan dina wangun kasabaran jeung sumangat babagi ka jalma lian. Sabab sadaya anu dipimilik mangrupa paparin ti Alloh SWT anu kedah disukuran.

Ibadah kurban dina harti husus danget ieu ulah eureun semet ayeuna wungkul, tapi sawadina bisa ngawangun jiwa-jiwa anu ngabogaan tingkat kesolehan sosial anu luhung, bari dibuktikeun ku sikep resep nulung kanu kasulitan, resep babagi kanu kakurangan, nulung kanu butuh nalang kanu susah, nyaangan kanu poekeun, mangrupa ahlak pinuji anu kacida pisan mulyana.

Ahirnya, mudah-mudahan Alloh SWT nampi kana saniksanten anu bade dikorbankeun dinten ieu sareng dinten tasyrik engke, anapon anu teu acan tiasa ngalaksanakeun kurban ayeuna, mudah-mudahan Alloh ngajembarkeun kana rejekina tiasa kurban di taun-taun nu bade dongkap.

Amin yaa Robbal aalamiin !

أَقُولُ قَوْلِي هَذَا وَاسْتَغْفِرُ لِي وَلَكُمْ وَلِوَالِدَيَ وَلِسَائِرِ الْمُسْلِمِينَ وَالْمُسْلِمَاتِ فَاسْتَغْفِرُهُ إِنَّهُ
هُوَ الْغَفُورُ الرَّحِيمُ .

KHUTBAH KADUA

الله أَكْبَرُ - الله أَكْبَرُ - الله أَكْبَرُ . الله أَكْبَرُ - الله أَكْبَرُ . الله أَكْبَرُ
الله أَكْبَرُ كَيْرًا وَالْحَمْدُ لِلَّهِ كَثِيرًا وَسُبْحَانَ اللَّهِ بُكْرَةً وَأَصِيلًا لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ
وَاللَّهُ أَكْبَرُ , الله أَكْبَرُ وَلِلَّهِ الْحَمْدُ .
الْحَمْدُ لِلَّهِ عَلَى إِحْسَانِهِ وَالشُّكْرُ لَهُ عَلَى تَوْفِيقِهِ وَإِمْتِنَانِهِ .
وَأَشْهَدُ أَنَّ لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ وَحْدَهُ لَا شَرِيكَ لَهُ وَأَشْهَدُ أَنَّ سَيِّدَنَا مُحَمَّدًا عَبْدُهُ وَرَسُولَهُ الدَّاعِي إِلَى
رِضْوَانِهِ .

اللَّهُمَّ صَلِّ وَسَلِّمْ وَبَارِكْ عَلَى سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ وَعَلَى أَهْلِهِ وَاصْحَابِهِ وَمَنْ تَبَعَ هُدَاهُ .
أَمَّا بَعْدُ فَيَا أَيُّهَا النَّاسُ : اتَّقُوا اللَّهَ فِيمَا أَمْرَ وَانْتَهُوا عَمَّا نَهَى وَاعْلَمُوا أَنَّ اللَّهَ أَمْرَكُمْ بِأَمْرٍ بَدَأَ فِيهِ
بِنَفْسِهِ وَثَنَى بِمَلَأِ ثِكْرِهِ بِقُدُسِهِ وَقَالَ تَعَالَى :
إِنَّ اللَّهَ وَمَلَائِكَتَهُ يُصَلِّونَ عَلَى النَّبِيِّ , يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا صَلُّوا عَلَيْهِ وَسَلِّمُوا تَسْلِيمًا .
اللَّهُمَّ اغْفِرْ لِلْمُؤْمِنِينَ وَالْمُؤْمِنَاتِ وَالْمُسْلِمِينَ وَالْمُسْلِمَاتِ الْأَحْيَاءِ مِنْهُمْ وَالْأَمْوَاتُ .
اللَّهُمَّ ادْفَعْ عَنَّا الْبَلَاءَ وَالْوَبَاءَ وَالْقُرْوَنَ وَالرَّلَازِلَ وَسُوءَ الْفِتْنَ وَالْمَحَنَ مَا ظَهَرَ مِنْهَا وَمَا بَطَنَ عَنْ
بَلْدِنَا إِنْدُونِيسيَا خَاصَّةً وَسَائِرِ بُلْدَانِ الْمُسْلِمِينَ عَامَةً , يَا رَبَّ الْعَالَمِينَ .
اللَّهُمَّ أَرِنَا الْحَقَّ حَقًا وَارْزُقْنَا اتِّبَاعَهُ وَأَرِنَا الْبَاطِلَ بَاطِلًا وَارْزُقْنَا اجْتِنَابَهُ .
رَبَّنَا اتَّنَا فِي الدُّنْيَا حَسَنَةً وَفِي الْآخِرَةِ حَسَنَةً وَقِنَا عَذَابَ النَّارِ وَالْحَمْدُ لِلَّهِ رَبِّ الْعَلَمِينَ .
عِبَادَ اللَّهِ : إِنَّ اللَّهَ يَأْمُرُ بِالْعَدْلِ وَالْإِحْسَانِ وَإِيتَاءِ ذِي الْقُرْبَى وَيَنْهَا عَنِ الْفَحْشَاءِ وَالْمُنْكَرِ
وَالْبَغْيِ يَعِظُكُمْ لَعَلَّكُمْ تَذَكَّرُونَ .
فَادْكُرُوا اللَّهَ الْعَظِيمَ يَذْكُرُكُمْ وَادْعُوهُ يَسْتَجِبْ لَكُمْ وَلَذِكْرُ اللَّهِ أَكْبَرُ .